JACQUES-HERMON CONSTANT

CHENN YO KASE



PWEZI KREYOL
PWEZI LESPWA

EDITIONS CHOUCOUNE
PORT-AU-PRINCE, HAITI
1987

JACQUES-HERMON CONSTANT

CHENN YO KASE

PWEZI KREYOL
PWEZI LESPWA

THIS BOOK CAN BE ORDERED FROM
INTERNATIONAL UNIVERSITY BOOK
EXCHANGE SERVICES
80 EAST 11th STREET
NEW YORK, N.Y. 10003

EDITIONS CHOUCOUNE
PORT-AU-PRINCE, HAITI
1987

JACQUES-HERMON CONSTANT

CHENN YO KASE

PWEZI KREYOL
PWEZI LESPWA

THIS BOOK CAN BE ORDERED FROM
INTERNATIONAL UNIVERSITY BOOK
EXCHANGE SERVICES
80 EAST 11th STREET
NEW YORK, N.Y. 10003

EDITIONS CHOUCOUNE
PORT-AU-PRINCE, HAITI
1987

ATANSYON

Zanmi lèktè, m'ap raple ou ke ti pwezi kreyòl sa yo te ekri nan moman operasyon dechoukay la t'ap fèt. Mwen pat gen chans pibliye yo avan gwo gwo chouk bwa a te dechouke, e poutan se sa nou t'ap viv yo, sa nou t'ap sibi yo ki te plis pouse'm ekri bèl pwezi sa yo ki chaje ak anpil reyalite...

Chè zanmi lèktè, filanmezi w'ap li tiliv sa a ou pral remake yon bagay: pa gen aksan tegi. Enben, nan kreyòl modèn nan, aksan tegi al bwachat.

CONSTANT Jacques Hermon

SAVANN DEZOLE

Mwen se savann dezole
Paske'm trouve sèl sole
Mwen se savann dezole
Paske'm rete tèt kale

Mwen se savann dezole
Se sa ki fè'm malere
Mwen pa gen yen bonnè
Paske'm pa gen frèchè


Mwen se savann dezole
Lage mwen pou'm pale
M'ap mouri pòv
Paske'm tèt chòv

Mwen se savann dezole
Se sa'k fè tizwezo k'ap vole
Pa kapab trouve kote
Pou yo kap poze

Mwen se savann dezole
Tout moun koupe mwen koutje
Mwen se lanfè
Ke tout moun pè

Mwen se savann dezole
Menm si lapli ap tonbe
Sou mwen sa se telele
Anyen m'pa reprezente

Sole leve
Sole kouche



Menmman
Parèyman

Anyen pa chanje
Anyen pa mache
M'rete kanpe
San m'pa abiye

Lè sole fin kouche
Tout z'etwal yo leve
Sole kouche pou lòtkote
Z'etwal briye pou lòtkote

Men se pa pou mwen savann dezole
Paske'm toujou rete andikape
Mwen bezwen yon bon dokte
Ki kapab geri kansè'm

Gade zafè ravin lakoulèb
Gade ki jan li pouse gwozèb
Mwen gen gwokè
M'p'ap rete bèkèkè

Malfini wou ki vole
Piwo pote nouvèl mwen ale
Malfini wou ki vwayaje
Al diyo ke'm fin aranje

Mwen se yon satan
Sa'm pote pikan
Ki lè vreman ma gen bontan
Pou'm tounen yon poto mitan?

Malfini wou k'ape vole
Al diyo si mwen kondane

Malfini wou ki konn vwayaje
Diyo si m'ap rete kokobe

Mwen toujou tande y'ap pale karebare
Ke gen twa wa: wawè, wakaka, wapete
Mwen se savann dezole
Se wakaka mwen rele

Paske'm pavo anyen
Yo pa gade'm pou anyen
Mwen se yon tè mizerab
Ki dwe pa gen tè arab

Mwen mande pou'm abiye
Pou'm tounen loray kale
Pou peyizan vin pale
Mande'm renmen bwakwaze

Mete rad sou mwen souple
Pou travayè vin blage
Mwen soufri paske'm san cham
Sa ban mwen anpil vye ram

Malfini k'ap deplase
Wou se yon gwo mesaje
Fòk ou pa bliye pote
Tout nouvèl mwen yo ale

Gade mòn pilbowo
Gade jan li bobo
Li gen anpil pyebwa
Devan'm li rele wa

Mwen savann dezole
Jouskilè ma chanje?

Malfini ki pase anlè
Al diyo ke'm pa gen bonnè

Sa yo fè'm kado
Se kaka pou bando
Ban'm yon tibo
Tou lan tido'm

Mwen savann dezole
M'ap pran kou san rele
M'ap pran kou san pale
M'pa gen dwa di anmwe

Pou ki pou mwen pa gonfle
Lè'm wè tout zòn ap fete
Mwen, mwen rete byen kanpe
San'm pakab gouye danse

Malfini al bayo nouvèl la
Toupatou lan tout kwen peyla
Al diyo mizè'm
Al diyo doulè'm

Mwen menm savann dezole
Kilò z'etwal mwen pe briye?
Kilò lalin mwen va leve?
Kilò solèy mwen va klere?

M'ap degrengole
Mwen paralize
Mwen tebe
Mwen touse

Vin chanje'm
Vin sakle'm

Vin plante'm
Vin rekolte'm

Sakle'm plante diri
Pliche'm plante mayi
Fouye'm plante pitimi
Kreze'm plante jijiri

Yon you m'ap bay gwo zepi mayi
Yon tan m'ap bay gwo grenn jijiri
Yon lè m'ap bay anpil pitimi
Lòtane m'ap bay anpil diri

Yon jou m'ap pouse bokou legim
Yon sezon m'ap pwodwi gwo volim
Pwa, kawòt, kakayèt, melon
Jòmou, sitwon, chadèk, pwawon

Yon jou m'ap bay anpil mango
Yon jou m'ap bay anpil gonbo
Yon jou ya koutize'm
Yon jou ya flate'm

Yon jou ma gen pou fè bròdè
Yon tan ma gen pou fèwè
Yon jou m'va pwouve valè'm
Lè yo va dekouvri sekrè'm

Kilè ma sispann rete
Dan griyen lan lasosyete?
Mwen savann dezole
Se daradi kòn siye

Si mwen te gen rad
M'ta koupe bèl parab

M'ta taye banda
Yo tout ta debaba

Si'm te anfòm
Tankou zòt, lòm
Ta vin flate'm
E li ta trouve'm

Kote travayè
K'ap travay latè?
Pran pikwa ou
Pran sèpet ou

Pran rach ou
Pran koulin ou
Pran derapin ou
Pran koutodigo ou

Pran manchèt ou
Pran wou ou
Vini sonde'm
Vini sikre'm

Tipyebwa lan pibowo
Fè'm yon tisouri
Vini ban mwen yon tibo
Pou mwen kap sispann soufri

Mwen savann dezole
Mwen se yon okabine
Si'm te gen tè arab
Sanble mwen ta valab

Sa ki kwè ke'm pa gen?
Kouri vit vin simen

Wawè si'm gen
Ak si'm pa gen

Mwen se savann dezole
Paske mwen tèt kale
Mwen pa vle'm tankou sarara lan lafrik
Mwen vle'm lanmanzoni lan lamerik

Tizwezo kape vole
Ou pa jwenn kote pou ou poze
W'ap fè'm grimas
Paske'm se bonmas

Mirak savann dezole
Se yon mirak ki retade
Men lè-l va rive tout bonvre
Se tout Ayiti ka gen pou chante

Plante pyebwa
Kwaze pikwa
Se sa mwen vle
E m'ap chante

Mwen vle tounen yon rak raje
Kote anpil gwozèb kapab pouse
Gwobèt va vin abite
Pou yo kapab layite

Mwen savann dezole
Yo gade'm koupe'm koutje
Paske'm mal abiye
Paske'm pa gran bebe

Mwen malfini k'ape vole
Tout tan, lè'm fatige

M'bezwen kote pou'm repoze
Dodomea nèt alkole

Wou lepasan k'ape pase
Ou kade'm ou koupe'm koutje
Paske tout moun abandonne'm
Yon jou, lè ma repoya, ya vle'm

Mwen tizòtolan k'ape pase
Anwo tèt ou savann dezole
M'bezwen yon kote pou'm pase
Sole midi ki cho, byen kale

Mwen titoutwèl k'ape janbe
Anwo tèt ou savann dezole
Mwen bezwen tigrenn pou'm beke
Pou'm sa manje, pou'm sa vale

Mwen rosiyòl gran chantè
Mwen gen bezwen sou latè
Savann dezole yon kote
Yon pyebwa pou'm poze chante

Podyab savann dezole
Toutouni, li debwaye
Li merit'on ti koutje
Merite pa dwe mande

Vin koutize'm
Vini blage'm
Vin twalete'm
Vini pròpte'm

Mwen bezwen swen
Menm si ou lwen

Abitan tou patou
Vini fè mwen joujou

Ouvriye k'ape travay
M'ape di ou yon bagay
Pran pikwa ou
Pran koutodigo ou

Pran lanbi ou klèronnen
Pran tronpèt ou sonnen
Pran lanbi ou kònen
Pran lòt sosye mennen

Lapli tonbe tè mwen wouze
Vini fè konbit ou isit
Lan mwen menm savann dezole
Travay ou agen pou fè pitit

Travayè k'ap fè konbit
Tou patou lan kayimit
Soufle soufle
Lè-a rive

Pa rete debwakwaze
Pa rete debwapandye
Leve kanpe
Vini sakle

Vini kreze'm
Vini plante'm
Ma bay manje
Pou nou vale

Ministè lagrikilti
M'ape fini peri

Sa w'ap fè ak mwen?
Ou p'ap ban mwen swen?

Ministè lagrikilti
Sa ou fè ak lajan leta?
Mwen m'ape fini peri
Ou pa wè si'm lan movèzeta?

Ministè lagrikilti
Vini banm yon tisouri
Vini ban'm yon tibonjou
Jan ou fè'l la tou patou

Ministè lagrikilti
Vini fè kichòy pou mwen
Pou mwen pa rete blanchi
Eko'm va ale byen lwen

Mwen pa lan diskisyon
Mwen vle yon revolisyon
Paske yo abandone'm
Yo bliye'm, yo twaze'm

Mete'm kanpe anwo talon kikit mwen
Pou tout travayè kapab byen konnen
Ke'm se yon tè
Ki gen valè

Chak jou zòt ap fè anpil diskou
Se pou fè nou ri lan gran lakou
S'on bann pawoli
Sou lagrikilti

Mwen menm savann dezole
Pa gen pèsonn ki vin pete

Ban'm santi
Mwen trayi

Pete sa yo trò santi bon
M'pa merite yo, y'al lan bonbon
Y'al rezonnen jouk byen lwen lan dondon
Yo kouri vit yo ale boudon

Gade manje lan depo yo
Pa'm lan absan pami yo
Mwen savann kale se yon chen mèg
Se sa'k fè lakay mwen pa gen èg

Mwen pròp a yon sèl chòy
Se tout jounen tribò
Babò y'ap soti lòtbò
Y'ap vin fè sou mwen yon bann tèt sankò

Gade tizuezo
Gade gwozwezo
K'ape vole
K'ape pase

Yo pa jwenn yon tibwa
Pou yo poze ak dwa
lakay mwen pa gen chèy
Se sa'k fè'm pa gen ekirèy

S'on pati ki trouve
Yon pati pa trouve
Lan tout bagay
Se pa tripotay

Lanvil Senmak gen anpil manje
Mwen m'meprize

Manmlad chaje ak manje
Paske li okipe

Lè abitan sa yo ape pase
Yo tout ape jaze jakase
Yo krache sou mwen
Y'al kaka sou mwen

Maladi'm gen remèd
Paske gen dòktè
Lan tiplenn lakaye
Se kote ki fè fre

Wi mwen renmen kouvri tankou li
Ak anpil bwa, anpil sapoti
Mwen bezwen donnen anpil bèl mango
Mwen bezwen pwodwi bokou zabriko

Blofè sispann plen pòtfèy ou lajan
Al sere lòtbò, vini fè yon tijan
Ak mwen pou'm tounen bèl gazèl
Tankou tout lòt yo pou'm pibèl

Wou frize chouchòl k'ap vole
Wou lepèvye k'ap vwayaje
Ralemonte plonje glise desann
Al lakay yo, al diyo ke savann

Dezole ap mande pou yo
Diyo ke m'anvi wèyo
M'anvi koze ak yo, vini bo'm
M'anvi wete pwoblèm mwen yo sou do'm

Al di tout moun ki lan tikay
Plizièkoulè ki lan kwamisyon an

Ke'm gen yon pawoli, yon bagay
Pou'm diyo, lan tibitasyon an

Yo konn bay
Sa se yon bagay
Ke tout moun kap konstate
Men yo pa konn separe

Kongo kote ou prale?
Yo voye ou sonde'm?
Pike mwen, fouye'm
Voye kout manchèt monte

Vini fè mwen tè viannen
Tankou lòt tè ke-m konnen
Roy papabondye
Kote mwen ye?

Peyizan pa twaze'm
Kouri vini bwaze'm
Ban'm yon rega, yon tisouri
Pou mwen kapab pote fwi

Si gen yen don
M'ap vin bon
Ban'm vaksen
Mwen malsen

Tipye kann kreyòl
Tipye kowosòl
Gen yon jou konsa pou pouse
Sou mwen menm savann dezole

Chanje nouriti
Se chanje lavi

Konsa na viv mye
E na manje mye

An nou tout travay
Pou'n gen lamanjay
Savann dezole gen karans
Li kap pwodwi ba li yon chans

Tè dezole kap tounen tè vejetaryen
Li bezwen yon gran konsolasyon kotidyen
Nou bezwen anpil alimantasyon
Pou nou pa mouri lan malnitrisyon

Se yon chwa ki fondamantal
Ki mande yon amou total
Savann dezole mande sewòm
Pou'l kap tounen yon lòt nonm

Tè damou tè devèy
Se yon mòso vi nouvèl
Ki tounen majik
Ak fizyolojik

Metòd syantifik
Ap fè'm tounen majik
Se sa rasin lavi
Ki mande anpil nouriti

Mwen savann dezole, fè mwen tounen
Lamanzoni, yon tè vejetaryen
Pou'm retrape ekilib pèsonnèl,
Fizyolojik, fwitye, sansasyonèl

Sa se yon pwogresyon
Se yon transfòmasyon
Yon nonm kap bezwen yon fanm pou chofe-l
Men nou bezwen tè pou ban nou manje

Se pou'n refòme pwogresyon
Lamanjay lan peyi isit
Pou'n soti lan tribilasyon
An nou lite pou reyisit

Vini pike'm tchouptchoup
Zongle'm fè'm vole voup
Travayè, ou pa anvi debondare'm?
Kiltivatè, ou pa anvi deraye'm?

Kongo, ou pa anvi plime'm?
Pyekoryas, ou pa anvi fouye'm?
Sispann voye kaka chwal sou mwen
Kretyenvivan rete kaka sou mwen

Yon moun ki pititkay
Dwe gen yen avantay
Tankou sarara pe mouri lan lafrik
Savann dezole p'ap mouri lan lanmerik

Flèv latibonit vini wouze'm
Mwen gen yen lespwa yon jou w'ap mouye'm
Flèv latibonit pase bò kote'm
Tankou lèstè pou ou kap tranpe'm

Flèv latibonit gade jan w'ap gaspiye
W'aladriv, yo pa itilize ou ase
Yo kite ou ale
Ou pa esplwate

Flèv latibonit, ede'm
Tanpri, pa bliye'm
Vini drene'm
Vini konble'm

Lèstè, gadjan ou ere?
Mwen, m'rete malere
Mwen zanm bandonnen
Paske'm pa gen parenn

Mwen bezwen yon marenn
Ki pou fè kichòy pou mwen
Mwen bezwen yon dòktè lagwononm
Ki pou ban'm yon piki seronm

Flèv latibonit mwen gen lafwa
Ke avèk anpil gran lespwa
You jou wa fè zòt vin file'm
Mande'm renmen, ya vin flate'm

Yon jou wa fè nèg lavil pèdi wout yo
Vin fè jakopyevè lan pye'm
Lè sa-a ma va taye banda bayo
Ya preske pèdi tèt, ma fè yo swe

Yon jou, flèv latibonit
Ap fè'm tounen forè depen
Se va yon reyisit
Tan m'ap resevwa kopen

Peleren p'ap manke
Lan savann dezole
Le sa ya rele'm savann vyèj
Ma sanble ak yon jèn fi vyèj

M'ap gen anpil valè ak frèchè
M'ap gen anpil lonne ak rèspè
M'ap vini byen boujonnen
Lavi mwen va byen donnen

Anpil moun va vin dèyè bonnè
Konye-a zafè savann chanje
Lafè richès anpil kè lanfè
Li bon e liprèt pou'l esplwate

Flèv latibonit, mèsi
Sa ou fè pap janm pèdi
Ou merite yon gowbo
Lan dyol ak lan do

Si ou pa gen kè
Ou pa jwe pokè
Ma tounen yon zonn agrikòl
Le mwen va touhen yon bon sòl

Abitan yo va fè kowoperativ
Va gen kann pou kreye gildiv
Ayiti gen pou'l chanje
E pou li devlope

Flèv latibonit va fè savann dezole
Yon ti joujou ke gran kakan va dolote
Savann dezole va boujonnen
Savann dezole va vin ponmen

Savann dezole va lese grennen
Savann dezole va tounen
Yon jèn tigengenn
K'ap merite deponmen

Savann dezole va taye banda
Paske li prale gen yon gwo bonda
Yon jou lasavann dezole
Ap bay tout latibonit manje

Yon jou savann dezole
Gen pou fè nou sispann achte
Manje lakay tout letranje
Lè solèy li va tanmen klere

Yon jou ya klewonnen
Gwokout lanbi sou mwen
Ranponno va mare
Konbit va monte

Yon jou gran chabwak lavil
Va desann lan savann fètil
Vin pote kole
Vin koupe klouwe

Flèv latibonit kase vire
Vin wouze savann dezole
Vin layite kò-ou
Vini poumen kò-ou

Sou mwen pou'm tounen tè pwogrè
Yon tè ki gen anpil afè
Yon jou ya batay pou mwen
Yon tan ya vle touye mwen

Si Bondye mete bouch li lan sa
Ayiti pa dwe rete konsa
Li gen pou'l tounen yon gran anpi
Tankou yon peyi Bondye beni

Yon lè yon eskwad endyen
Va sòti anba tè rayichen
Anvayi'l pou reklanmen
Ak gwo kout kouto pengwenn

Ayiti boyo kiskeya
Ki klouwe sou lakwa
Lè sa-a tinèg gran zòrèy
P'ap gen tan kache pòtfèy

Flèv latibonit va gen pou di
Tout lèsklav lan tan lakoloni
Va retounen goumen
Pou nou gran lajounen

Flèv vivan, pwoblèm peyi-a lan men ou
N'ape lage nou tout jodi-a lan men ou
N'ape priye lan tout kè nou
Pou nou kapab chanje lavi nou

Al pote mesay la bayo
Pou yo kapab fè travay yo
Si yo tande'l
Si yo koute'L

Yo va mache men dan lamen
Pou fè vreman sa yo konnen
Pou peyi nou vin fleri
Pou peyi nou kap pwodwi

Savann dezole
Wou ki kokobe
Wou ki andikape
Ou vagen pou drese

Ayiti, wou ki kokobe
Yon jou wa gen pou ansante
Chaje ak vitalite
Bade ak bon kalite

Wa gwozouzoun
Wa fè boumboum
Ou p'ap pete ba yo santi
Zòt a vle vin fè lakilti

Wa tounen gwo bonda
Wa va simen konpa
Wa va simen bèl pa
Wa fè tout moun kaba

Tout djab baka
Va anvi sikre-ou
Y'ap anvi plimen-ou

Ayiti, afè va vin bon
W'ap fè tout sa ki pòv yo don
Tout ti zwezo k'ape pase
Va jwenn kote pou yo poze

Paske tigrenn pou beke
Lan tout peyla p'ap manke
Ya chante alelouya
Ya chante wozana

Apre move tan
Se va bon tan
Le nou fin soufri
Nou va rejwi

Ayiti lan yon bann melimelo
Peyla mizerab, li lan tròp wololoy
Ayiti pote tròp kout raso

Tibèt pran tròp kou se pou'l rele
Si li pa rele anmwe, l'ap toufe
Gen anpil maladi, gen remèd
Men nou wè ke pa gen bon dòktè

Ayiti lan tròp vatapa
Ayiti merit'on bon repa
Ayiti gen pyan ak krab
Men dòktè'l yo pa kapab

Nil ayisyen, nou rete dejekale
N'ap tann soulajman ke w'ap pote
Zòt se bouzen pwomèt, li pa bouzen-bay
Men lan men n'ap tann anpil bèl bagay
Pou yo kapab fè travay yo

DESANM 1985

BYENKONTE MALKALKILE

Lè mwen te nan laj ti moun piti
Mwen te toujou tande ke y'ap di
Pwovèb sa" "byenkonte malkalkile"
Ki chaje ak anpil reyalite

Mwen pat gen konprann
Pou-m te kap konprann
Sali te vle di
Paske-m te piti

Mwen patko wè klè
Mwen te nan fè nwè
Sa te mande anpil chitatann
Pou mwen te kapab byen konprann

Lè sa-a kasav ak rapadou te bon manje
Kasav ak sirokann se sa-m te konn kraze
Mwen te konprann sete sa lavi
Paske mwen ponkò te gen lèspri

Men laj nèf-dizan
Se pa laj ventan
Tan ale
Tan chanje

A ventan m'konprann byenkonte malkalkile
Lè-m kòmanse ap pran anpil palavire
Nan men wa lisifè
Ki abite latè

Men laj granmoun
Pa laj timoun



Se sa kifè mwen te konn fè erè
Paske-m pat konnen egzistans malè

M'ape mache mwen kontre ak konpè krikèt
K'ap fè lesefwape sou mwen jouk nan biskèt
Depi mwen pa te sou konpa
Fòk mwen kap fè kanmenm fopa

Mwen te piti, pou-m te konprann ke lan lajmi
M'ap gen e mwen p'ap gen sousi, m'ap san figi
Tan m'ap pran sabò, souflèt nan men sa-k fè-m tò
M'p'ap menm gen zèl pou-m vòltije tonbe lòtbò

Nan laj granmoun m'wè ke lavi pa chwal papa
Jan'm te kwè-l la se monti papa danbala
Mwen patjan-m kwè ke lavi te gen mèt
Apre Dye, poutan se pwopriyete yon bann trèt

Se konnye-a m'konprann gen moun ki siperyè
Se konnye-a m'konprann gen moun ki inferyè
Se konnye-a m'konprann ke-m padwe rantre la
Se konnye-a m'konprann ke plas mwen padwe la

Se konnye-a m'konprann ke-m pa gen dwa
Menmjan tankou lòt moun yo ki gen dwa
Se jodi-a m'konprann ke gen antèman deklas
Sa vle di nan lavi tout moun pa gen menm plas

Gen antèman prenmye klas pou moun ki pi rich
Antèman dezièm klas pou moun ki pa fin rich
Antèman twazièm klas pou moun pòv ki pa rich
Pou nou evite wont sa nou tout dwe vin rich

Konnye-a mwen wè klè m'wè ke gen sa-k san kay
K'ap dòmi nan lari anba gwo kout loray

Bondye mwen regrèt
Pito mwen pat fèt

M'ap medite sou byenkonte malkalkile
Paske konnye-a mwen vin gen jekale
Sou tout sa k'ape pase anndan la sosyete
K'ap ban-m kalòt, souflèt cho, ak palvire

Jodi-a ke mwen konprann pa gen jistis pou mwen
Jodi-a ke mwen konprann ke mwen pa gen temwen
Lè mechan ap maspinen-m
Lè zotobre ap bimen-m

Konnye-a mwen k'ap konprann ke di verite
Se pa lòt bagay ki ofanse zotobre
Si mwen pèsiste m'ap kraze
Si mwen pèsiste m'ap brize

Si mwen di verite rèken ap manje-m
Si mwen ta di-l baton ap kouche-m, leve-m
Avan-m te leve bouch mwen pou-m di sa-m konnen
Mwen te gentan prèt pou bimen ak krabinen

Sosyete gen kretyenvivan
Se sa-k gen richès ak kè kontan
Sosyete-a genyen lenmò
Se sa yo ki pa gen trezò

Sa ki prepare ladan-l pa k'ap viv
Ladan-li se bwanen long k'ape viv
Se pa kalite-m ki kalifiye-m
Se pa valè-m ki mèt kalite-m

Nan lasosyete mwen monte mòn
Nan lasosyete mwen desann mòn

Nan lasosyete m'tounen move voyajè
Paske nan tout wout mwen yo li pa fè tròp klè

Gade sa m'ap manje
Gade sa w'ap manje
Byenkonte malkalkile
Mande-m yon chitatande

Mwen te toujou konprann ke lavi se lorye
Ke-m ta pra-l keyi san mwen pat bezwen kriye
Alòske se chen mèg ki t'ap tann mwen
Nan lavi sa san ke mwen pat konnen

Se m'ap pase vini mete mwen bab pou bab
Ak byenkonte malkalkile
Ke bèl lonn k'ap lonnen bèl twèl pou fè bèl rad
Se yon klas moun nan sosyete

Se konnye-a m'ap konprann sa-k rele zoklo
M'ap pran zoklo dèyè, m'ap pran zoklo nan mitan
M'ap pran zoklo sou kote, anmwe tròp zoklo!
Sanble se yon ti sekrè latè pou lontan

Se pou-m pran zoklo pou-m rete rèd san pale
San sa si mwen pale mwen bon pou fout mouri
A la tray pou mwen ki zanmi la verite
An tou ka tròp zoklo pou mwen se pou-m kouri

Lè mwen di ki sa-k ta kwè sa
Se sa ki rele byenkonte malkalkile
Lè mwen di ki sa-k ta kwè sa
Sa vle di ke-m pat konn reyalite

Mwen pat konnen si te gen lekòl zoklo
Pou yo t'al aprann kòman yo bay zoklo

Pran zoklo se yon bagay ki deplimen tèt
Zoklo fè-m tèt chòv tankou tibèt ki fenk fèt

Gade, manyen dèyè tèt mwen pou ou kap wè
Jan li deplimen ak zoklo rabi tanklè
Bay zoklo se bagay ki ala mòd
Bay zoklo pa gen dwa janmen demòd

Mwen pat'ap jann k'ap kwè sa tout tan-l pat rive
Se li menm menm ki byenkonte malkalkile
Tout moun ap aprann bay zoklo
Gen liv ki pale de zoklo

Gen grad nan bay zoklo, gen sa ki fè mwayèn
Gen lòt nan etidye mal yo pa fè mwayèn
Elèv sa yo, yo rele yo malad damou
Anpil nan yo rele moun ki konn fè lanmou

Prenmye grad nan lekòl zoklo yo rele li
Si ou vle tande-l, koute-l, se filozofi
Bon chitatande nan lekòl zoklo
Pou ou ik'ap bay zoklo fòk ou fè filo

Filozòf nan bay zoklo
Gen anpil taktik pou kenbe toto
Nan kòd gwenn ak kòd maro
Ki kapab jouke ninpòt gwo toro

Gen lekòl dekouvri kòman yo bay zoklo
Paske krab sab trou-l pa fon, trou kòken pa fon
Mwen t'ap toujou dekouvwi zoklo timago
Paske-m t'al lekòl bare zoklo ki gen fon

Sa ki pi anbetan lè w'ap pran zoklo
Se ak pròp frè mason ou ke w'ap pran zoklo

Nou pran jida kòm you egzanp, you gwo moso
Nan tipawoli nou sou zafè zoklo

Kòman m'ap viv? Konnye-a vi-a tèt anba
Dezòd anwo
Dezòd anba
E sa ap monte piwo

Gade jan m'ap viv vyefrè
Elas! dan mwen ri malè!
Ban-m yon chans pou-m èsplike
Byenkonte malkalkile

Pou mwen viv m'ap bòkse lavi
Sa se yon bagay ki pouri
Sa se yon bagay ki santi
Rete koute mwen pa sezi

Nan bòkse lavi pou-m viv
Tout vye zago mwen yo fele
E m'pa wè kòman m'ap viv
Chak jou pou-m mwen pata rele

Mwen tounen yon vye tèt zonzon
Paske wou se yon pongongon
Mèsi ou ban-m tròp pannad
Sa fè mwen vin pi malad

Mwen bezwen manje
Pou mwen kap boure
M'pa dwe viv sèl pou-m sikre bout anba tiva
Tijojo, tiyaya, melita ak timatant

Vyefrè wou se yon makanda
Wou se yon gwobaka

Wou se yon sanginè
Wou se yon rafinè

Si mwen vin tonbe jalou
Se paske ou bakoulou
Ou ranmase tout sa ki gen pou wou
Se sa-k fè-m tounen lougawou kont ou

M'ap bòske lavi
Pito mwen fè sa
Pase malgre sa
Yon jou sa ap fini


Nan mal bòske lavi
Mwen fin deplimen
Mwen santi m ap fini
Ja[illegible]mwen malmennen

M'ap [illegible]ntinye bokse
Tout [illegible] pansese
Paske vi[illegible]mwen [illegible] chanje
Soutou[illegible] mwen [illegible] soulaje

Nan bòske [illegible] pran gwo gagann
Nan platmen [illegible] sanpitye
Ki kite mwen rete [illegible] ban-m
Sa mwen vle" yon [illegible]mitye

Nan anpil lesevwape
Tout dan-m yo fini rache
Mwen sanble ak mazora
Men pito mwen lèd mwen la

M'ap kenbe palage
Jouk lè-a rive



Nou prân jida kòm yon egzanp, yon gwo moso
Nan tipawoli nou sou zafè zoklo

Kòman m'ap viv? Konnye-a vi-a tèt anba
Dezòd anwo
Dezòd anba
E sa ap monte piwo

Gade jan m'ap viv vyefrè
Elas! dan mwen ri malè!
Ban-m yon chans pou-m èsplike
Byenkonte malkalkile

Pou mwen wè m'ap [illegible] lavi
Sa se yon b[illegible]ay k[illegible]
Sa se yon b[illegible]ay k[illegible]
Rete koute mwen [illegible]ezi

Nan bòkse lavi [illegible]m viv
Tout vyezago mwen yo fele
E m'pa wè kòman m'ap viv
Chak jou pou-m mwen pata rele

Mwen toun[illegible] yon vye tèt zonzon
Paske wou se yon pongongon
Mèsi ou ban[illegible] tròp panmad
Sa fè mwen [illegible] pi malad

Mwen bezwen manj[illegible]
Pou mwen ka[illegible]
M'pa dwe viv s[illegible] pou-m sikre bout anba tiv?
Tijoje, tiyaya, [illegible]lita ak timatant

Vyefrè [illegible] yon makanda
Wou se yon gwobaka

Wou se yon sangınè
Wou se yon rafinè

Si mwen vin tonbe jalou
Se paske ou bakoulou
Ou ranmase tout sa ki gen pou wou
Se sa-k fè-m tounen lougawou kont ou

M'ap bòske lavi
Pito mwen fè sa
Pase malgre s'a
Yon jou sa ap fini

Nan mal bòske lavi
Mwen fin deplimen
Mwen santi m'ap fini
Jan mwen malmennen

M'ap kontinye bòkse
Tout tan sa pa sese
Paske vi mwen dwe chanje
Soufrans mwen dwe soulaje

Nan bòske m'pran gwo gagann
Nan platmen lavi ki sanpitye
Ki kite-mwen rete san ban-m
Sa mwen vle" yon koutje amitye"

Nan anpil lesefvwape
Tout dan-m yo fini rache
Mwen sanble ak mazora
Men pito mwen lèd mwen la

M'ap kenbe palage
Jouk lè-a rive

mwen se kòk kalite
Mwen p'ap kouri kite

Chak jou se limonad
Chak jou se sitwonad
Jodi-a ban-m makawoni
Jodi-a ban-m dirilanbi

Pou ou k'ap tounen bon bòksè
Sa mande anpil eksè
Anpil anpil reziyasyon
Ak anpil kolaborasyon

Si lavi-a pate di
Mwen pata bezwen redi
Pou mwen trouve
Sa-m merite

Mwen p'ap janm bay lavi-a legen
M'ap krabinen'l lannwit kon lajounen
Se pou-m bòkse-l toupatou
Se pou-m fwape-l nan tout trou

Si ou pa bon bòksè
Ou pa sa kraze dyòl li
San konnen gran malè
Paske-l se yon gwo bandi

Si-m gen je se pou-m wè se pou-m gade
Si-m gen zòrèy se pou-m koute se pou-m tande
Men jouk kilè sa va rive?
Jouk kilè m'ap gen dwa pale?

Kòm chak rivyè pote krabinay pa li
Bondye, ban-m je pou-m wè, sa gen pou fini
Lè flanm dife-a tenyen
Lè sa m'ap sispann goumen

W'al di sa-m pat di
Mwen regrèt mwen te pran ou pou zanmi
Sa rele byenkonte malkalkile
Zanmi mwen ou te dwe gen charite

Zanmi mwen konnen verite ofanse
Men sonje bay kou bliye pote mak sonje
M'ap fè yon ti kase vire
Paske mwen te trò panche

Metin rapadou ak doukounou
Lè-m te piti te pase grangou-m
Pou-m te kapab grandi
Konnye-a mwen vle dòb ak roti

Janvye 1986

CHITATANDE

Sa k'ap pase konsa?
Sa ou wè-a sesa
Manmzè mizè fè nou jedou
Apre lanmò fè nou doudous.

Bontan pa paradi
Fanm ki dous pa radi
Fanm bese koupi pou-l pise
Fanm voye pise tou kanpe.


Bouki mèt sote
Bouki mèt ponpe
Lè lavalas pase
Bouki gen pou-l ale.

Jodi-a tout bagay chanje
Jodi-a tout bagay gaye
Kabrit pa pè chen ankò
Kochon pa pè chen ankò.

Lè dechen kole
Moun kanpe gade
Vagabon lari di we
Gade de chen ki kole

Makanda al retire po
Li chante po retire po
Po kole l'ape jou
Chen bare lougawou

Kwadigo ki pase nan lento
Chase malentèspri frè toto



Bon wanga ze
Fè-n dekoze.

Wanga flèch kaka
Li fè-n bay chika
Lè-n pran nan wanga pete
Nou pa konn kote-n prale.

Zòt pa poze prenmye pyè ankò
Zòt sanble Bouke, nou tout dakò
Rat lavil ap fè jèn jan
Yon tijan ki pa fin jan.

Makouti grenn li byen pandye
Y'ap roule danse balanse
Chen o'kap yo mete kalson
Bourik jakmèl met pantalon.

Moun k'ap viv nan pò mago
Bliye sa-k nan marigo
Yon jou lè nou va bouke pran kou
Nan men chen anraje pou grangou.

Nou tout ap sove
N'ap depeyize
N'al retounen koupe kann kiba
Na-l keyi kafe nan Ariba.

Wanga siro simen nan kalfou
Ak nan kwen kay fè nou tout dou
Majik siro fè-n gaga
Wanga siro fè-n danda.

Majik siro fè nou tout kagou
Poud miskaden fèn met'a jenou

Wanga siro fè nou tout lou
Poud kasab nan malèt bay pou.

Sida fin mand'anraje
Sa-k pa gen pye pa kanpe
Saki pi prese
Deja vwayaje.

Lakay nou nou pran anpil zero
Ki fè-n piwo pase bwapiro
Egzamen bak vann pase patecho
Egzamen bak vann tankou boul palto.

Chen grangou pa kap jape
Moun grangou pa kap pale
Sak vid pa kap kanpe
Kenèp twonpe lete.

Twaka ayisyen soud e gen jepete
Yo pa kapab wè ni yo pakab tande
Bèl diskou, bèl franse fè mikalaw
Blèblibliw, blèwblèw, bloblow, bliblablaw.

Twaka ayisyen fè asidite
Yo pa fè ni bazite ni sèlite
Ni yo pa fè tou sèl-asid
Mezanmi ifo fytèl rijid.

Malmanje bay ayisyen djèt ak madougou
Lisifè fè anpil tounen gwo lougawou
Ayisyen tounen galipòt, zobop, sanpwèl
Bizangwe, baka, a non yo gen anpil fyèl.

Nou tounen frize leswa
Nou chante chwè chwè chwa

Depilò timoun tonbe malad
Nan potoprins jouk mamlad

Nou konn bay kout poud penga seren
Lè labrim di swa tonbe se chita nan kwen
Sa-k pran pa kap sot nan seren
Pou sa mwen kwè, pou sa mwen konnen.

Lè nou pa jwenn lèt manman nou tete lèt grann
Mwen pran poto, mwen tann jouk mwen tounen pwatann
Wou se souseka
Wou menm se wa kaka

Ayiti se chwal papa, blan panyòl pran pa-l
Kolon jevèt, blan franse pase li pran pa-l
Kolon jekrèt blan angle pase li pran pa-l
Vye kripya ameriken pase li pran pa-l

Menm vye kakablan sendomeng vini pran pa-l
Vye kalanmèy siryen ak arab pase pran pa-l
Sa li fout ye la?
Sa pa dwe ret konsa

Yon jou jamayik ap vini pran pa-l
Yon tan potoriko ap mande pa-l
Paske depi dizwisankat n'ape dòmi
Somèy nou tèlman sikre li pa janm fini.

Nan fè tròp jamè dodo janmen reveye
Nou pa itil tèt nou anyen
Sispann achte bèl oto pou-n kap avanse
Pou peyi nou pa fin kangannen

Ti frèch ki byen boujonnen
Merite deboujonnen

Ti frèch ki byen ponmen
Merite deponmen

Depi nan ronfle boude
Lapli gen pou li tonbe
Depi trou madanm bouche
Lapli gen pouli tonbe

Lè w'al vole
Pa kite jou bare-ou
Mèt plas pral rantre
Kraze rak, jete ou

Depi nan ronfle boude
Lapli gen pouli tonbe
Depi trou madanm bouche
Lapli gen pouli tonbe

Lè w'al vole
Pa kite jou bare-ou
Mèt plas pral rantre
Kraze rak, jete ou

Valè ayisyen ki pa alfabetize
Valè aytisyen ki rete san manje
Sa n'ap fè pou yo?
Nou responsab sò yo

Blòk senjozèf sanble kondane
Poutan chak diznèf mas y'ale fete'l
Pran kamera ou al filme-l
Tankou tètbèf pou tout je k'ap wè'l

Frè nou yo k'ap dòmi anba bwa nan chalmas
Bezwen kay pou yo dòmi bayo yon tiplas

Pou yo viv avan y'ale kay papa Bondye
Pou y'al jije tèt bese debwakwaze

Lè ou wè yo konsa sa pa di ou anyen
Lè konsa papa se pa pou yo plenyen
San sa y'ap bimen y'ap souflete
San sa y'ap krazebrize

Nou dejene gwòg
Nou pran dinen dwòg
Nou soupe tafia
Nou pran desè tafia

Nan tibann k'ap pase apye
Pa gen tròp gwo lesefwape
Tibann se pou malere
Gwobann se pou byenere

Zanmi mwen si ou anvi al yaya
Ou pa bezwen al jouk kabann yaya
Al sikre nan tibann apye
Al tchatcha nan tibann apye

Gowgwobann
Gen gagann
Gen pote kole
Gen voye monte

Depi ou rantre nan gwobann
Se vini pran gwo gagann
Gwobann gen anpil lesefwape
Si tonmak ou gwo al fwape

Men tou sa se pou yon ti tan
Paske nou pa la pou trò lontan

Apre bèl jwisans
Se va bèl soufrans

Baka anba bannann
Zombi anba kann
Se vye frè nou tout moun sayoye
An nou pa touye moun ankò souple

Sekou! men chen ap mode-m
Anmwe! vin sove-m
Mwen pa wè chen, se pa posib
Yola s'on bann chen mèg

Souple pa toufounen-m
Tanpri pa dekwennen-m
Padon souple
Pa maltrete-m

Bèlfanm pa janm bay poto
Lèdfanm toujou bay poto
Fanm solèy toujou ap souri
Fanm tenèb pa janmen souri

Fanm ki pa damou bay mari-l tavle
Pou-l kap bèbè, pou-l pa kapab pale
Fanm ki damou pa fè wanga
Wanga-l se karès san dega

Si nou kite metye bòkò
P'ap janm gen tèt sankò ankò
Si nou kite chapitè, p'ap janm gen baka
P'ap janm gen bizangwe, wamennwit, makanda

Pou nou rive reyalize rèv nou
Nou dwe kole zepòl ak zepòl

Pa di chak koukou klere pou je-ou
Chache pito inyon ki mesaj apot pòl

Priye Bondye pou-n gen viktwa nan tout sa-k mal
Sa mand'on diplis" libète, fwatènite
Lajistis, legalite, lasekirite"

23... 27 Janvye 1986

MANMAN LI JOU

Manman lanjelis ape sonnen, reveye!
Ou pa gen tan ankò pou ou kap rete ronfle
Demi liv sik krèm vann yon goud
Leve fè kafe si gen poud

Ti moun ou yo prale Lekòl
Avan ke yo pran sakdekòl
Yo bezwen gwomit katpoukenz
Avan yo monte nan rikenz

Kafe ak lèt sinistre koule
Va bwè ak gwomit ak ti twade
Ya tifle li avan y'ale
Tout vant aloufa byen regle

Manman tèt chage dorèd bagay yo gaye
Pran alimèt, bwapen, vini sanble dife
Limen-l byen vit soufle soufle, bèl flam monte
Tout zizi tout biskèt kòmanse vle kanpe

Tiyaya pran lolit ti chodyè-a
Tanpri vin mete li sou dife-a
Tikonzong bwakwaze
Ret pre pou-l pa reze

Pòvpachen di manman dlo kafe-a bouyi
Kote Ti fann prese pran grèg pou mwen kouri
Timatant vini lave gode yo, rense!
Banmwen dlo-a pe-fin bouyi, lè-a rive

Timari pote sik ak poud kafe
Ban mwen lè timoun yo prale rive


art: Joël Lorquet

Y'anreta, kalanba, grèg la chire,
Tout kafe-a koule ak ma, gade!

Meli, bwè-l jan-l ye-a, reziye nou
Ale lekòl, sevre, nan tan grangou
Patat pa gen po, se lavi
An nou tout di Bondye mèsi

Gen anpil moun ki pa trouve-l
Pou yo vale, lanbe-l, netye-l
Podyab! yo tout bwè-l jan-l ye-a
E tout moun pran chimen lekòl la

Manman chita bò gwo tab la
Li mete yon men-l nan machwè
L'ap egzamine, li fin delala
L'ap kalkile manzè mizè

L'ap fè kalkil kòman douzè k'ape rive
Pral ye sou doli ak anpil vye tèt chaje
Granmoun se chwal lan mizè ap galope
Menm troudan pi miyò pase-l laverite

Madan Zoumbadyo te gen yon sèl tiradyo
Me li pran li pou-l mete-l lekòl
Lan inivèsite M'sye Zombadyo
L'ap aprann lèkti, li, ak ekri gwo kreyòl

Mezanmi, ròch lan dlo pa konnen doulè
Ròch ki lan solèy vre, sa se yon malè!
Dirèktè-a ba-l kenzpyas pou ti zafè-l la
L'ap rale monte desann tou delala

Lan kwabosal ki mache reselèz
Kote talè li pral pran yon gworèz

Yon gwo dyakout anba bwa li, s'ou w'è!
Gade! sa fè-m fè chè depoul, li ban-m kriztè

Ayayay, li pran dedwèt lontan san konnen
Yon nègmaron pike tikòb, se yon pèlen
Granmoun lan ateri byen vit lan kwabosal
Liswe, li pote botin bou, rad li byen sal

Li mande" diskòb epis, de gwo tèt aran
Venkòb kreson, twakòb sèl, ban-m dekòb piman
Yon timamit mayi, yon mamit pitimi
Yon poban lwil, yon bannan rèk, yon pye pèsi

Vann mwen yon tigode pwa
Pa ban mwen pwa blan pwa nwa
Yon pyas chabon gayak
Men mete li lan sak

Li pa konn sa-k pase-l
Yon jèn makou piye-l
Malerèz rale potfèy li pou-l peye
Jan chache jan trouve, men gwozen telele

Granmoun lan kouri lapli tonbe larivyè
Lajan pa fè boul lan pòch malere mizè
Moun ki te gen plis bezwen tikòb la pase
Granmoun lan pran li, vle pa vle, machwè mare

Li rale monte ri timas, fwa debòdan
Anpil kouray ak yon gwo sole cho brilan
Kokow! onè! rèspe! se madan Zoumba
Rantre, vire, ouvri pòtay pase laba

Vin di'm sa-k pase paske mwen wè ou
Lan wout pou kapab pèdi tout souf ou

M'sye Bonjan, rakonte se vann
A sa w'ap di konsa madanm?

Koze sa-a mande tichèy klou
Mwen vle konnen sa-k pase-ou
Mwen jwenn yon tikòb male lan mache anfè
Yon saf pase li pran li, se yon tchè lanfè

Dlos lobab poutimoun yo k'al lekòl
Preske rete paske-m pa gen kòb, sa fè-m fòl
Souple M'sye bonjan prete-m yon titchotcho
Pou-m al pran pòtfèy mwen lan men madan micho

Lan kwabosal Bondye va beni-ou
A tigranmoun lan pa jwenn pyès sekou
Li fè move wout, fwape ankò move pye-l
Tankou bwa chenn derandlo ap koule lan je-l

Pòv ti zwezo yo soti lekòl makanda
Ak espwa ke y'ap vin trouve grenn legliz la
Aryen pa mache, manman pa dekouraje
Ou deja konnen ke se konsa la vi ye

Lavi se yon gwo boul kape woule
Adwat agòch, sou kote, jan li vle
Manman reziye ou, mare ren ou sere
W'ap sipòte mizè ou jouk tan chavire

Lage kò ou lan lari-a menmjan tankou
Tout lòt jou yo lè sa pat bon, tou sou tou fou
Paske lè timoun ou yo soti lekòl
Yo pral chache sa ou sere lan bòl

Y'ap toujou di ansnanm manman, bonjou!
Je yo kale, kote sa ou kite pou nou, men nou!

Ti trip ak gwotrip mande anraje, sekou!
Mezanmi manman grangou ap touye nou

W'ap toujou reponn yo tout: an,
Grenn langelis la ponkò pare
Manman lè titrip ap vale
Gwotrip, se wou ki solisyon an

Manman a la tray pou ou sou latè!
Ou pa konnen ni solèy, lapli, ni lè
Ou toujou pran tibak ou patou
W'ap chache kot lavi fè kwen pou nou

Manman, sere ren ou, sipòte eprèv yo
Wou se sèl vye espwa tout ti zwezo ou yo
Si misyion ou trè trè di manman se pou mwen
Si kalkil fè ou pa gen somèy, se pou mwen

Doulè ou ak mizè ou va gen pou fini
Manman lè tout bon vre ou va tonbe mouri
Manman nou wè ou pote yon kwa
Ki dwe pidi pase kwa Jeziwa

Lavi se tray
Se sabotay
Mizè se malè
Doulè se lanfè...

JANVYE 1986
CONSTANT Jacques-Hermon

A LA TRAY

Syèl, tè sole, jezi, mari
Jozèf a la traka pou nou
Sou latè beni
Nou pa gen sekou

Nou menm jèn lan peyi isit
Nou gen yen yon gwo kwa n'ap pote
Depi lafrik nwa jouk isit
Nou ponkò jèn nou fin vye

Paske lan mizè fin wousi nou
Lè nou wè nou pa gen chans kay nou
Pou nou viv jan Bondye te vle-l la
Nou kouri voltije drèt laba

Nou pran kanntè nou pral kay vwazen
Nou chaje sou zo- do-n
N'al chache vye zo
Paske kay vwazen gen rezen

Men vre mache chache
Pa dòmi san soupe

Sou lanmè vwazen kanpe
Yo rale gran pik pike
Vye kanntè bwafouye-a
Nou mizerab te monte-a

Pou-l kap koule e mouche
Rèken te gentan file
Dan goyin li ap tann vyann fre
Pou li fè konbit manje



Nou pa gen plis ke dizwitan
Ventan, vensenkan ak trantan
Nou menm ki touni kon boutèy, sanryen
K'ape chache lavi nou kay vwazen

Lè yo pa koule kanntè nou
Yo arete nou
Yo anbake nou
Voye nou tounen tou grangou

Isit nan doulè lanfè
Sa-a ki vini pi rèd
Pi anmè pase fyèl
Ki sa nou fout dwefè?

Tou sa'n fè nan la vi-a pa bon pou nou
Tande nou pagen sik ak rapadou
Se chen k'ape tranpe
Kasav ban nou manje

Wout nò wout sid wout lès
Wout a kote wout lwès
Yo tout bare pou nou
Kote n'ap pran? Sekou!

A ventan, vensenkan
Trantan nou te gentan
Sanble granmoun sanventan
Konnye-a moun pa dire lontan

Bondye mizè sote nou
Li sose nou, wouji nou
Li maspinen nou tou
Li boukannen nou

Nou fin deplimen
Menm dan nou sonnen
Bondye papa nou gade sa wa fè pou nou
Anba solèy lavi-a pou-n pa tonbe fou

Lavi se yon pati ki dwe jwenn
Yon lòt pati pa dwe jwenn
Nou kwè se sa lezòm vle
Mizè fè nou fè sa nou pa vle

Papa di yon ti mo pou noumenm
Jèn san pawòl k'ap fin degrennen
K'ap fin peri nan kras ak kalamite
Nou se salopri reze ak jepete

Lè nou fini mouri nan kanntè
Konsa tou lè jeneral mizè
Ki monte chèz li chita drèt doubout
Va fini souse nou, fè nou gloutglout

Kilès yon jou ki va pran kòn nan
Pou fè sa ki bon
Pou nou k'ap chanje, pou-n k'ap gen ran
Menm pou-n fè bonbon?

Lavi te kreye ak tout sa-l gen
San yon kras pa separe
Men yon posyon mechan mèg te gen
Tan pran tout pataje

Nou konnen nou menm jèn nan peyi Dayiti
Se pa nou menm sèlman k'ape fin rabougri
Se pa nou menm sèl k'ap soufwi gen lòt peyi
Tout kote tout jèn tankou nou ap fin deperi

Jèn nan peyi isit ap soufwi
Anba gwo mechan k'ap toupizi
Yo pou yo pa devni anyen
Li lè pou yo bouke plenyen

Syèl pa bliye vye zansèt
Nou yo ke gwo rafinè
Nan peyi lafrik ap pase anba bye
Priye anpil pou yo anba san pitye

Bondye, nou fè bwonch, nou fè
Las, nou fè tansyon
Tout maladi fè nou pè
Nou fè lopresyon

Se grangou kilakòz vye maladi
San wont san santiman sa yo ap toupizi
Nou menm jèn nan peyi Dayiti pedi
Syèl, tè, sole, priye pou yo pa fini

Mizè nan peyla fin pachiman nou tout jèn
Yon bann gwo kolon nwè, yo se mèt la sirèn
Rabi, kòn siye ap pase nou anbapye
Nou pa genyen kote pou'n kapab piye

Libète, libète pou nou!
Grangou ap touye nou!
Nan dizan ankò telele
P'ap gen yon jèn k'ap rete

Konsa tiponyen jèn nan ki va rete
Si sole kontinye kouche leve
Yo va pi miyò paske apre
Chapo lenn fini fete, chapo pay va fete

N'ap priye trinite pou peyi nou chanje
N'ap priye syèl pou-n sispann pran palavire
N'ap priye lesprisen pou-n kapab soulaje
Pou-n gen travay, rèspè, lonnè, anpil manje

Janvye 1986

Ce recueil est le trente-deuxième de la SERIE POESI
des Editions Choucoune

[illegible] de la SÉRIE POÉSI[illegible]
des Éditions [illegible]

Achever d'imprimer le 15 Mai pour le compte
des Editions Choucoune
P.O. Box 13287 (Delmas)
Port-au-Prince, HAITI (W.I.)

Maquette de couverture: **Joel Lorquet**

Koleksyon Pwezi kreyòl

Dominique Batravil	Boulpik (décembre 1978)
Pierre Richard Narcisse	Dèy ak lespwa (mars 1979)
St. John Kauss	Twa degout (mai 1983)
Mac Donald D. Prosper	Fwètkach
St. Jacques Louverture	Pwezigede (novembre 1985)
Floren's Mucci	Lavi Lakay (décembre 1986)

Editions Choucoune
P.O. Box 13287, Delmas
Port-au-Prince, Haiti W.I.



L'AUTEUR

Jacques-Hermon CONSTANT est originaire de Port-Margot. Il est licencié en Sciences Anthropologiques et Sociologiques et prépare une licence en droit. Il enseigne la littérature et les sciences sociales dans plusieurs collèges de la capitale.

XXPRESS